# Мысост æмæ сыгъзæрин кæсаг.

Иу чысыл горæты цард цыппарæм къласы ахуырдзау Мысост. Ахуыр кодта æвзæр. Цард йæ нанаимæ, мад куыста æндæр горæты. Мысосты бæрæг кодта искуы иу хатт, фæлæ йын иу кæд фæнды дæр æрбаласта бирæ лæвæрттæ. Мысост уарзта кæсаг ахсын. Алыхатт иу Мысост куы ацыд кæсаг ахсынмæ, уæд иу Гино сбадт тæрхæгыл æмæ æнхъæлмæ каст йæ лымæны фæзындмæ. Фæстæмæ æрбаздæхгæйæ, лæппу минасæн лæвæрдта йæ Гинойæн гыццыл кæсæгтæ.

Иубон мад æрбаласта Мысостæн лæварæн æнгуыр. Лæппуйæ ферох сты йæ уроктæ, азгъордта кæсаг ахсынмæ. Баппæрста æнгуыр донмæ æмæ æрцахста егъау кæсаг. Мысост тыххæй бауырæдта æнгуыр. Хæстæгдæр æрбакодта æнгуыр йæхимæ, кæсы – æмæ кæф. Фæсæрæн Мысост æмæ кæсагыл æрхæцыд къухæй. Уалынмæ кæф лæгъстæ хъæлæсæй дзуры лæппумæ:

- Мысост, ауадз мæ донмæ, уым мæнмæ æнхъæлмæ кæсынц мæ гыццыл хъæбултæ. Ауадз мæ – æмæ дын æз дæр баххуыс кæндзынæн!

Мысост ныххудт:

- Цæмæй мын баххуыс кæндзынæ? Цы у дæ бон? Ахæсдзынæн дæ хæдзармæ æмæ нана кæсаджы бас сфыццæн.

Кæсаг ноджы тынгдæр райдыдта лæппуйæн лæгъстæ кæнын:

- Ауадз мæ æмæ дын дæ алы курдиат дæр æххæст кæндзынæн.
- Разы дæн,- загъта лæппу. Фæнды мæ, цæмæй мæ бацыдмæ мæ уроктæ конд уой.
- Куы дæ хъæуон, уæд  мæм иу фæдзур «Кæф», - æмæ кæсаг баленк  кодта доны.

Хорз цæрын райдыдта Мысост, скъолайæ хаста æрмæст фондзтæ, æмæ нанайы зæрдæ йæ ахуырæй æлхæдта.

Иу хатт  федта Мысост йæ æмкъласонмæ компьютер, бахæлæг æм кодта. Араст кодта фурдмæ æмæ дзуры кæфмæ. Æрбаленк кодта кæф æмæ фæрсы лаппуйы:

- Цы кæныс, мæ къона, кæм дæ хъæуы ме'ххуыс?
- Компютер мæ хъæуы – загъта тарæрфыгæй Мысост.
- Мæ бон дын уымæй баххуыс кæнын нæу. Алчидæр йæхæдæг хъуамæ балхæна, ууыл та хъæуы фыдæбон кæнын.

Уыцы  ныхæсты фæстæ кæсаг æрбатар уылæнты 'хсæн.

Æрбаздæхт Мысост мæстыйæ. Бирæ фæхъуыды кодта, йæхæдæг райдыдта ахуыркæнын æмæ фæллой кæнын. Нана æмæ мадæн сæ зæрдæ ради сæ лæппуйæ. Уый тыххæй йын балхæдтой компьютер.